

# Manyèl ti bebe ki fèk fèt



Hospital Universitário Regional de Maringá

Dados Internacionais de Catalogação-na-Publicação (CIP)  
(Biblioteca Central - UEM, Maringá – PR., Brasil)

M294 Manual do recém-nascido / Coordenadora: Prof. Ms.  
Gina Bressan Schiavon Masson. -- Maringá : Hospital  
Universitário Regional de Maringá, 2022.  
24 p. : il.

1. Amamentação. 3. Cuidados com o bebê.

CDD 23.ed. 613.269

Ms. Cicilia Conceição de Maria/CRB9 1066



## Equipe de Tradução

### Inglês:

**Tradução:** Gustavo Keiti Goto, Gustavo Tudisco Favaretto, Icaro Silva Gonçalves, Lara Vanuza Albino Pereira, Viviane Alves Melo Almada

**Revisão:** Aline Cantarotti, Aline Scarmen Uchida, Aline Yuri Kiminami, Ana Igraíne de Gois Barreto, Milena Paula de Oliveira Alonso.

### Espanhol:

**Tradução:** Jacqueline Hikaru Mise

**Revisão:** Viviane Cristina Poletto Lugli

### Francês:

**Tradução:** Alice Fernandes Henrique, Barbara Luisa T. D. Fulton, Carolina Steinke Xavier, Danyele Carbone Nunes, Enare Gomes Floriano, Eriqui Augusto Parpineli, José Emanuel Pereira, Marília Renildes D. de Souza, Oscar Felipe R. Ribeiro.

**Revisão:** Margarida da Silveira Corsi, Nilda Aparecida Barbosa, Peter Mundadi, Álvaro David Hwang

### Língua Haitiana:

**Tradução:** Michaëlle Pierre, Daniel Felice



**UNIVERSIDADE ESTADUAL DE MARINGÁ**

**REITOR: JULIO CÉSAR DAMASCENO**

**VICE-REITOR: RICARDO DIAS DA SILVA**

**HOSPITAL UNIVERSITÁRIO REGIONAL DE MARINGÁ**

**SUPERINTENDENTE: ELISABETE MITIKO KOBAYASHI**

- DIRETORES:**
- DANIELA ALVARES DA SILVA MATSUMOTO  
DIRETORIA MÉDICA
  - JOCIMARA COSTA MAZZOLA  
DIRETORIA DE QUALIDADE E BOAS PRÁTICAS EM ASSISTÊNCIA
  - SOLANGE CARDOSO MARTINS  
DIRETORIA ANÁLISES CLÍNICAS E FARMÁCIA HOSPITALAR
  - MARCIA REGINA MOMESSO NERI FERREIRA  
DIRETORIA HEMOCENTRO
  - VIVIANI GUILHERME DOURADO  
DIRETORIA DE ENFERMAGEM
  - ROBSON ROGERS MOREIRA  
DIRETORIA ADMINISTRATIVA
  - EDUARDO TASCA BERGAMASCHI  
DIRETORIA DE ÁREAS DE FINANÇAS
  - CELSO VATURU NAKAMURA  
DIRETORIA ESPECIAL PARA ENSINO, PESQUISA E EXTENSÃO

**AUTORA: NAYARA HILLEBRAND FRANZON**

**COORDENADORA: PROF. MS GINA BRESSAN SCHIAVON MASSON**

**AGRADECIMENTO: GOVERNADOR DO PARANÁ  
CARLOS MASSA RATINHO JUNIOR**

**SECRETÁRIO ESTADUAL DE SAÚDE DO PARANÁ  
BETO PRETO**

**SUPERINTENDENTE DE CIÊNCIA, TECNOLOGIA E  
ENSINO SUPERIOR DO PARANÁ  
ALDO NELSON BONA**

**ASC/UEM  
LACEN-PR**

**EQUIPE DE TRADUÇÃO E REVISÃO DA UEM  
ESCRITÓRIO DE COOPERAÇÃO INTERNACIONAL - ECI  
DEPARTAMENTO DE LETRAS MODERNAS - DLM  
INSTITUTO DE LÍNGUAS - ILG**

**APOIO: NÚCLEO DE VIGILÂNCIA EPIDEMIOLÓGICA DO  
HOSPITAL UNIVERSITÁRIO REGIONAL DE MARINGÁ**

# INDICE

Resepsyon nan HUM a .....	02
Oryantasyon pou manman yo .....	03
Alimantasyon .....	04
Rad .....	07
Benyen .....	08
Kòd IKòd lonbrit (lonbrit) .....	09
Chanje kouchètponpèz .....	10
Poupou ak Kolik .....	10
Kèk konsèy sou sa w ka fèu kòman w ka lite lè w ak sispèk kolik .....	11
Poupou ak Kolik .....	11
Fason pou w evitePrevansyon enfeksyon yo .....	12
Akonpayman pedyatrik .....	13
Vaksen .....	14
Lajònis .....	15
Lè pou l dòmi .....	15
Tonbe .....	16
Transpò .....	18
Fyèv .....	18
Trangleman (Trangle) .....	19
Si timoun nan ta rete enkonsyan yo rekòmande etap sa yo .....	21
Konklizyon .....	22

## Resepsyon nan HUM a

Byenveini nan Lopital Inivèsite Rejyonal Maringá a, ke yo konnen l tou kòm HUM (Hospital Universitário). Sa a se lopital referans pou nesans ti bebe w la. HUM a se yon lopital 100% piblik, se vle dipou sa a tout sèvis yo bay se gratisyo pa mande touche pou sèvis yo bay yo. Pandan tout tanNan moman ou menm ak ti bebe w la entène isit la, lopital la ap ba w manje, rad ki apwopriye epi dra ak sèvyèt.




## Oryantasyon pou manman yo

Nan ka kontraksyon, bay san oswa si doktè sant sante a voye w, ou dwe al chèche swen nan HUM, ki fonksyone 24 sou 24. Lè w rive, yon jinekòlòg pralap egzaminevalye w pou l ka di w si moman pou w akouche a ap rive w prèske rive nan dat pou timoun nan fèt. Gen 2 fason pou ti bebe w la fèt: Akouchman vajinal oswa sezaryèn. Akouchman vajinal, yo konnen l tou kòm akouchman ke yo konnen tou, kòm akouchman nòmral, se sa yo konsidere kòm pi bon ideyal akòz kèk avantaj li genyenyo, ni pou manman ni pou pitit la. Sepandan, nan kèka ka espesifik yo, li ka nesesè pou w fè sezaryèn, yon operasyon pou retire bebe a.

Se doktè ki la a lè w rive lopital la ki pral detèmine pi bon metòd nan ka pa w. Kèlkeswa fason timoun nlan ap fèt la, akouchman HUM yo fèt nan sal operasyon an.

Tousuwit apre timoun nan fin fèt, sitou prensipalman apre yon akouchman nòmral, ti bebe a rete sou manman l pou kèk minit jiskaske yo koupe kòd lonbrit lila (kòdon ki konekte w ak pitit ou a). Apre yo fin koupe kòd lonbrit bebe a, y'ou ap remèt li ak yon pedyat epi mete l nan yon bèso cho pou yo fè egzamen pou li epi ba li premye swen, tankou siye l, chofe l, ba l vitaminm k pou evite l bay san, pran pèz li epi idantifye l ak braslè.

Sa konn rive, genNan kèk okazyon, kèk ti bebe ki fèk fèt ki konn bezwen èd pou yo kòmanse respire. Nan ka sa yo, yo koupe kòd lonbrit la koupe imedyatman. Konsa, Lèdepi ou menm ak ti bebe w la gen kondisyon, yo ap mennen nou nan enfimri kote n ap rete jiskaske nou ka soti lopital l agen egzayat. Apre akouchman an, tan w ap fè entènè a dire pou pi piti 48 èdtan. , Ppandan peryòd sa a w ap jwennresewa èd pou w bay timoun nan tete, chanjel kouchèt li rad epi benyen l. Anplis de sa, toujou nan premye èdtan apre tibebe a fèt, yo fè yon seri tè depistaj maladi, yo rele yo triyaj. Sa gen ladan l tè ti zòrèy, Anplis de sa, tout ti bebe ki fèk fèt dwe sibi kèk tè depistaj maladi nan premye èdtan yo nan vi a, yo rele tè sa yo triyaj, ki gen tè ti zòrèy, ti kè, ti lang ak ti pye.



## Alimantasyon

### Lèt manman

Lèt manman an se sèl aliman ideyal bebe a bezwen nan sis premye mwa yo. Nou pa bezwen ba l dlo, te oswa lòt aliman nan peryòd sa. Apreès sis mwa, nouli dwe ajoutekonplete ak lòt aliman jiskaske l gen dezan ou plis. Lèt manman an pwoteje bebe a kont maladi, tankou alèji, nemoni ak dyare. , Anplis de sa, li pi fasil pou ti bebe a dijere l ak absòbe l ke lòt lèt yo. Li ede tou pou l elimine premye pou pou yo, sa k fè l evite maladi. Anplis de sa a, kontak entim ti bebe a gen ak manman l pandan l ap tete a, fè l santi l antransmèt sekirite, konfòtab ak trankilite., Sa pèmèt timoun nan devlope l nan sans yon bon devlopman fizik, emosyonèl ak mantal. Sa pral ede timoun nan l timoun nan, kidonk pi gwo adaptasyonpi byen adapte l ak tout nan etap lavi a. Lè timoun nan souse tete manman an, li fè egzèsis akfè egzèsis misk ki nan fasfigi li yo, sa k ede l devlope palè bouch la ak machwè yo.



Alètman enpòtan pou manman an tou, paske bay tete a, diminye chansrisk pou matris la bay sansenyen ak risk kansè nan tete manman.





Manman ki bay pitit li tete sèlman gen mwens chans pou l ansent epi pèdi pwa pi rapid.

Aprè tout bagay sa yo, lèt manman an pi pPratik: li toujou pare, li gen yon bon tanperati, li pa tounen, li pa koute anyenplis ekonomik epi w ka bay li nenpòt kote.

## Alètman

Anvan chak alètman Pou w bay tete, ou dwe byen lave men w avèk dlo ak savon anvan chak alètman.


Nou pa dwe netwaye pwent tete a ak aryòl la (won mawon tete a) nan tout alètman yo, pou w pa retire pwoteksyon natirèl po a.

Tete yo dwe lave sèlman lè w ap benyen chak jou epi san w pa itilize savon. , Ou dwe chanje soutyen plizyè fwa nan semèn nan. Si tete yo ta plen anpil, fè yon masaj sikilè epi retire eksès lèt la pandan w ap peze aryòl la (won mawon tete a); non pwosesisdi sa a relese eskwè manyèl. objektif li se, li sèvi pou w kapab rann tete a pi mou epi fè l pi fasil pouasilite bebe a prwan pwent tete a.

Idantifye nan bebe a siy ki monoutre lè l grangou (kriye, bouch ouvè, niche tete a, chèche pwent tete a, mete leve men nan bouch).

Toujou chèche yon pozisyon ki konfòtab pou w bay tete, de preferans yon kote ou ka apiye do w epi kore pye w.

Lè bebe a ap tete, li dwe pran pwent tete a ak yon pati nan aryòl la (won mawon tete a). Chak fwa w ap bay tete, bay yon tete anvan, epi lè l fin vid nèt, w ap bay lòt la si se nesesè. Sa anpeche ke tete a vin di epi li pèmèt timoun nan satisfè. Nan pwochen alètman kòmanse ak tete ke bebe a te tete mwens lan. Kite l tete fòs tan li vle epi kantite lèt li vle, san orè fiks. Si w ta dwe kanpeentèwonp alètman pandan l ap tete a, mete ti dwèt ki pi piti a nan kwen bouch li, jiskaske li lage pwent tete a.



Aprè chak fwa w fin bay bebe a tete, mete bebe a kanpe sou janm ou pandan 20 minit oswa jiskaske li ran gaz nan bouch epi mete l kouche sou do l.

Tout fanm gen kapasite pou pwodwi lèt sifizyan pou l bay bebe l la. Pwodiksyon an pa depann de gwosè ak fòm tete yo. Fanm ti tete oswa gwo tete kapab pwodwi lèt an kantite sifizan.

Bay tete a pa deranje anyen nan tete fanm nan. Pandan li ansent, ak pandan peryòd l ap bay tete a, lli enpòtan pou l , nan gwosès la ak nan moman an bay tete a, li sèvi akitalize soutyen ki fèm.

Pa egziste lèt ki fèb! Lèt manman se aliman ki fèt espesyalman pou pitit ou a. , Lli dijere rapid, sa fè timoun nan tete plizyè fwa. LètManje yo fè pou timoun yo (lèt an poud), lòt kalite lèt oswa lòt kalite manje nan 6 premye mwa yo ka lakòz alèji, entolerans, enfeksyon, Chanjman kwasanspwoblèm nan fason timoun nan grandi, sa k ki ka vin bay pwoblèm nan entesten ak nan poumonrespiratwa l.

Pa bay bebe a bpiwon oswa sison. Li ka vin abitye epi li vin pa vle pran tete ankò.



## Rad

Èske w konnen si bebe w la abiye yon fason ki awopriye ak tanperati aapwopriye pou tan?

Pitit ou dwe abiye yon fason ki annakòdagreyab akpou tanperaeti jou a. Timoun nan dwe gen sou li yon “kouch” rad anplis ou. Se sSèlman sa! Kouvri ekstremitè yo (tèt yo, men yo ak pye yo) sèlman si l fè frètedi anpil, paske se atravè pati sa yo menm ke li kontwole tanperati a. Pa kouvri l ak twòpegzajere nan dra! Bay preferans ak rad koton ki lach sou li.

Oud we lave rRad bebe a dwe lave separeman akde lòt rad lòt moun nan kay la. Fè sa ak epi ak savon net, evite itilize fab ak likid adousisan.



## Benyen


Anvan w retire rad sou bebe w la, ranje anviwonman an, mete tout sa w pral itilize preè w epi pa kite espas pou van an rrantrè (fèmèn fenèt yo).

Li enpòtan pou w kite dlo a nan yon tanperati ki agreyab, nan yon nivo ou ke w ka teste l ak koud ponouyèt ou oswa ak do men w.

Itilize savon net, ba oswa likid epi evite pafen, lwil ak poud paske yo ka bay alèji oswa irite po bebe w la.

Ou dwe benyen l chak jou, nan yon peryòd ki ka dire ant 5 a 10 minit. Nou dwe seeche kò l ak yon sèvyèt ki soup e ki epi pwòp san nou pa fwote l sou li.

Aprè nou fin benyen l, netwaye zòrèy li yo avèk yon twal mouye nan yon dlo tyèd, retire salte ki nan pati deyò yo. Pa janm eseye rantrè twal la, aplikatè oswa lòt bagay nan zòrèy li paske sa ka bay bebe w la pwoblèm kioblèm nan zòrèy, fè l pa tande byen.



## Kòd IKòd lonbrit (lonbrit)

Toujou kenbe l pwòp epi sèk nan chak chanjman ponpèz (kouchèt.) litalize koton ak alkòl likid 70% epi w pa bezwen kouvri l. Ti bebe a ka kriye paske alkòl la frwèt, men ou pa bezwen pè manyen kòd kòd lonbrit la paske , li pa fè l mal. Jeneralman li tonbe ant 7yèm<sup>o</sup> ak 14yèm<sup>o</sup> jou timoun nan. Oou dwe kontinye fè yon netwayaj local ak alkòl 70% jiska 10 jou apre li fin tonbe. Si w ta remake nenpòt sekresyon jòn oswa wouj nan lonbrit la, chèche wè yon pedyat imedyatman nan sant sante a pou l ka fè yon evalyasyon.

Ou pa bezwen kouvri l. Sèvi aktilizasyon pyès monnenmonen pyès, bann vant ak lòt bagay sou vant bebe a pap fè lonbrit la pi bèl epi , yo ka lakòz ti bebe a mal pou respire. Sa vle di ou pa dwe itilize yo.



## Chanje kouchètponpèz

Netwayaj zòn kote kouchètponpèz yo ye a kapab toujou fèt chak fwa li nesesè, avèk dlo tyèd epi koton, toujou nan yon sèl sans sans inik, de wo anba, pou evite kontaminasyon yo. Apre netwayaj la, ou dwe seche tou dousman san w pa fwote l. , Nou ka itilize pomad ki fèt espesyalman pou rejyon ponpèz kouchèt yo pou anpeche lka an peche grateèl. Itilizasyon poud pa rekòmande ankò akòz risk ki genyenegziste pou ti bebe a respire pwodwi a.

## Popou ak Kolik

Nan premye mwa yo, yon ti bebe yo, se sèlman lèt manman an li bwè, frekans l ap popou a ka varye anpil. ti bebe ki sèlman ap bwè lèt manman, frekans lap popou a ka varye anpil. Li ka popou chak fwa l tete, sa vle di plizyè fwa pa jou, konsa tou li ka rete 7 jou san li pa popou. Tout sa kapab nòmal. Sa ki enpòtan sè ke li kontinye aksepte lèt la. Konsa tou li gendwa ap pouse anpil lè popou kenbe l, chanje koulè, kriye, plenn, li ka pran jiska 20 minit anvan l popou, menmsi popou a mou. Pa dezespere, menmsi li ta sanble ke bebe w la ap souffri. Sa se pa konstipasyon.

Nan sans sa a, pa ba li remèd oswa manje ki ka fè l lache. ISèvi ak bagay pou estimilètilizasyon estimilan nan dèyè timoun nan (remèd oswa lòt bagay) ka bon nan yon premye moman, men timoun nan ka vin abitye popou sèlman konsa, epi sa pa bon.




## Popou ak Kolik

Psiy ki pi kouranrensipal manifestasyon lè timoun nan gen kolik se kriye san rete rete, sepandan, li enpòtan pou n mete aksan sou sa, gen lòt bagay ki koz timoun nan kriye, tankou freddi, chalè, kouchètponpèz ki dwe chanje, epi grangou, sa vle di, nan jou yo, sityasyon ki sa yo nòmalye yo. Sepandan lè timoun nan ap kriye san rete pandan plis ke 20 minit, mennen l nankonsilte yon pedyat pou l ka evalye chak timoun epi fè yon dekouvri vrè diagnostic kòrèk pwoblèm nan.

### **Kèk konsèy sou sa w ka fèu kòman w ka lite lè w ak sispèk kolik:**

- 1) Pran bebe a sou janm ou (ou ka eseye kontak dirèk ant vant ti bebe a ak vant manman);
- 2) Vlope bebe a nan yon dra;
- 3) Pliye janm timoun nan sou vant li. Fè mouvman menm jan lè w aptankou w tap pedale bisiklèt;
- 4) Benyen timoun nan ak dlo tyèd oswa mete yon konprès tyèd sou vant li, kapab ede efè kolik la diminye epi rèl bebe a tou
- 5) Evite kote ki gen anpil brwi oswa anpil moun;
- 6) Chèche kote ki trankil, ou ka itilize mizik ki gen yon anbyans ki dous;
- 7) Eseye etabli yon woutimn nan kesyonpou benyen, dòmi, pPwomennen ak lòt aktivite yo;
- 8) Pa itilize te, chanje mak lèt oswa itilize remèd san oryantasyon pedyat la;



9) Ba l tete jan l vle, paske bay bebe a tete kapab fè l rete dousman;

10) Toujou suwiv rekòmandasyon pedyat la, ki konnen reyèlman sa ki pi bon pou sante bebe a toutbon. w la.

## Fason pou w evite Prevansyon Enfeksyon yo

Li toujou enpòtan pou w byen lave men w yo lè w pral pran oswa touche bebe a, paske yo poko gen defans.

Sa k pi bon ldeyal pou yon ti bebe ki fèk fèt, se soti avè l sèlman pou: konsilte medsen, pran vaksen, fè tè depistaj pou bebe ki fèk fèt yoneyonatal.

Ale nan shopping oswa nan ti fèt timoun pa rekòmande akòz risk ki genyen pou yo pran maladi, paske yo se kote ki fèmen, pa gen ase van van sifisyan epi gen anpil moun.

Sa ki pi bon se rete lakay, si sae posib, pou jis rive nan fen dezyèm mwa a timoun nan, moman kote li gentan adapte l ak alètman epi l gentan pran premye vaksen yo. Aprey peryòd sa ou ka pwomennen ak ti bebe a kote ki pa kouvri epi ki pa gen anpil moun.





## Akonpayman pedyatrik

Tout ti bebe dwe gen yon pedyat ki akonpanye l sitou prensipalman nan premye ane timoun nan fèt la. Premye konsiltasyon apre w soti lopital egzepat lopital la dwe fèt ant 7yèm<sup>o</sup> ak 10yèm<sup>o</sup> jou timoun nan nan sant sante a ki pi pre lakay ou a. Nan yon sityasyon ki nòmal pi komen yo, yo rekòmande 7 konsiltasyon woutimn nan premye ane timoun nan fèt la (nan 1ye 10 semèn nan, nan 11yèm 0 mwa, 2yèm 0 mwa, 4yèm 0 mwa, 6yèm 0 mwa, 9yèm 0 mwa ak, 12yèm 0 mwa). Sepandan gen kèk timoun ki bezwen jwen ak medsen an pi souvan yon akonpayman nan yon frekans ki plis. Pale ak Konsilte pedyat la sou swen ki pi apwopriye idyal pou pitit ou a.



## Vaksen

Tousuwit apreè ti bebe a fin fèt, li dwe pran de vaksen dapre è kalandriye vaksinasyon ministè sante piblik Brezil la: vaksen pou epatit B epi vaksen BCG. Isit la nan lopital Inivèsite Maringá, pitit ou a ap resewa vaksen pou epatit B a pandan y ap ba l premye benyen l lan. Sepandan, depi l soti ou dwe chèche yon sant sante (UBS) pou l ka pran pi vit ke posib vaksen BCG a, vaksen ki kite yon ti mak sounan bra ponyèt timoun nan epi ki pwoteje l kont tout fòm grav tibèkiloz.

Kalandriye vaksinal sistèm inik sante Brezil la se younnn nan sistèm ki pilis konplè nan monnd nlan, epi sa k pi bon, li konplètman gratis nèt. Se sa menm, oOu dwe suivakonpanye ak atansyon dat yo make pou pwochen vaksen yo, nan kat vaksinasyon timoun nan (kat yo ap ba ou nan moman yo ap ba w liberasyon pou e sotw egzeyat nan matènite a).



## Lajònis

Kèk ti bebe devlope yon koulè jòn nan po kò l, yo rele l lajònis. Pwoblèm sa a kòmanse apati dezyèm jou timoun nan epi li gen tandans ogmante nan katriyèm ak senkyèm jou yo. Si toutfw a ou ta remake koulè jòn sa a nan pye ak nan men timoun nan, chèche wè yon medsen pou l kapab fè yon evalyasyon klinik. Itilize te, beny ak fèy bwa ak lòt tretman lakay pa rekòmande epi yo pa efikas.

## Lè pou l dòmi

Ti bebe a dwe toujou dòmi nan bèso epi mat la dwe nan yon gwosè ki apwopriye. Li pa bon pou ti bebe a dòmi souvan nan charyo bebe, sling, ti chèz machin nan ak jan de bagay sa yo.

Li bon pou ti bebe a dòmi nan chanm paran yo nan premye mwa yo pou yo ka obsève bebe a epi fè aksyon rapid si yon bagay ta rive. Sa fè l pi fasil tou pou manman an lè lap bay tete pandan nwit lan. Sepandan, bebe a pa dwe dòmi nan kabann paran yo, menmsi se nan premye mwa yo akòz risk pou l toufe, tonbe oswa kraze (woule sou li).

Plas ti bebe a se nan bèso l epi bèso a se pou ti bebe a sèlman. Konsa, pa mete nounous, zòrye oswa nenpòt lòt bagay, menm bagay pou pwoteje; sa gen risk toufe l epi yo kapab tou ranmase pousyè ak akaryen (bèt).



Dra yo ki sou kabann nan dwe byen rantre anba mat la epi nou pa dwe itilize lenn. Si tanperati a fè frèt, mete rad ki pi cho sou ti bebe a.

Tout timoun dwe TOUJOU dòmi sou do! Sa se pozisyon ki pi an sekirite, paske timoun nan respire pi byen epi gen mwens risk pou l ta toufe. Ou ka kite timoun sou vant pandan kèk minit pa jou pou ede l nan devlopman motè, MEN SÈLMAN lè je l klè (lè l pa nan dòmi) epi dwe toujou gen yon gramoun k ap siveye l.

## Tonbe

Pami tout ijans nou resevwa nan sant ijans yo, tonbe se sa k pi kouran. Sa rive nan tout laj epi blese yo koze yo kapab trè grav, sitou nan timoun piti yo akòz gwosè yo epi pwa tèt yo an konparezon ak kò yo epi estrikti zo yo pi frajil. Majorite fwa timoun yo tonbe, se lakay yo, sa rive ak timoun de 0 a 5 ane epi se lè pa gen yon moun k ap siveye timoun nan oswa se nan moman moun nan kite yon lòt bagay distrè l. Si w ta wè bebe a gen blese sou li, l ap vomi, l ap dòmi depase, l ap kriye san rete oswa nenpòt lòt chanjman nan konpòtman l, ale imedyatman nan sant sante ki pi prè w la pou w jwenn avèk yon pedyat.



## Kèk prekosyon ou dwe pran pou w evite yo tonbe:

1. Pa janm kite bebe yo pou kont yo okenn kote nan kay la, sitou sou kabann, kanape, echanjè, kabann etaj, menm lè timoun nan poko gen kapasite pou l woule.

2. Asire w ou mete balistrad proteksyon nan nenpòt mèb ou itilize pou timoun nan dòmi.


3. Fè atansyon lè w ap chwazi chèz pou w bay timoun nan manje. Yo dwe gen yon baz ki laj, fèmèn epi gen senti. Toujou siveye timoun nan, menm lè li ta atache nan chèz la ak dispozitif sekirite yo.

4. Nan bèso a, Prete atansyon pou w wè si wotè baz la ase pou anpeche timoun nan pase anlè kadriyaj la epi pou l ta tonbe. Depi timoun nan ka kanpe ak yon sipò, nou dwe voye je sou gwosè bèso a pou wè si l toujou bon pou timoun nan. Kadriyaj bèso a dwe nan wotè minimòm epòl yo lè timoun nan kanpe ladan l. Si li ta pi ba ke sa, ou pa kapab itilize bèso sa a ankò pou evite risk pou timoun nan tonbe.

5. Pa janm mete jwèt oswa zòrye andan bèso a. Bagay sa yo kapab tonbe deyò epi timoun nan al eseye pran yo, li tonbe.

6. Lè timoun nan al sou kabann, mete balistrad pwoteksyon toude bò.

7. Pa janm itilize twotè (chèz bebe). Trè souvan sa rive yon twotè tonbe nan yon eskalye oswa menm sou kote ki pa nan menm nivo, epi sa konn lakòz timoun nan blese grav ak chòk nan tèt epi entènè lopital.



## Transpò


Pa janm transpòte ti bebe a nan chèz devan machin nan, sitou sou janm ou. Lòk tout pòt yo, senti sekirite ti chèz la dwe boukle epi suiv kòrèkteman oryantasyon yo pou w ka monte epi fikse chèz timoun nan.



Ti chèz yo itilize pou timoun yo nan machin toujou gen enfòmasyon konsènan laj timoun ki dwe itilize l.

## Fyèv

Nou ka di yon timoun gen fyèv lè l gen yon tanperati ki depase  $37,8^{\circ}\text{C}$  yo mezire l ak èd yon tèmomèt. Atansyon: Fyèv pa maladi, MEN se yon siy avètisman enpòtan sitou sou timoun ki poko gen 3 mwa. Sepandan, li toujou bon pou w sonje gen lòt bagay ki ka koz tanperati a ogmante, tankou lè w mete twòp rad. Lè tanperati a depase  $37,8^{\circ}\text{C}$  nou ka konsidere timoun nan nan yon eta de fyèv, men sa pa vle di nou dwe ba l medikaman. Nan ka sa a, retire eksès rad ki sou pitit ou a, idrate timoun ki poko gen 6 mwa lè w ba li lèt manman oswa dlo, seròm oral epi likid agogo pou timoun ki gen plis pase 6 mwa; pran tanperati a ankò apre 30 minit. Nan pifò ka, fyèv la disparèt san w pa bay medikaman, sèlman ak idratasyon. Si fyèv la toujou la, chèche wè yon medsen pou l fè yon evalyasyon.



## Trangleman (Trangle):

Trangleman yo kapab komen sitou nan ti bebe ak timoun piti, paske yo kirye, yo gen abitud mete bagay (objè) nan bouch yo, yo trè aktif pandan y ap manje epi yo pa gen kapasite pou yo byen moulen (kraze) manje a. Nivo gravite a pral depann de jis nan ki pwen objè a bloke pasaj ki pote lè pou poumoun an. Yon epizòd trangleman yon moun wè ki genyen dèyè l touse, souvan po bouch la vin wouj tou (sitou nan yon timoun ki te toujou an sante), sa se gwo evidans de aspirasyon (objè a antre nan poumon an).

Konsa depi gen trangleman, timoun nan kòmanse touse pou l ka voye bagay deyò. Si timoun nan bay siy li gen difikilte pou l respire, bri pandan l ap respire, bouch wouj oswa l ap soufle anlè, pa eseye retire objè a epi mennen timoun nan lopital ki pi pre a imedyatman. Nan ka sa yo, pandan w ap eseye retire objè a ak dwèt ou (san ou pa wè nan bouch la), souke timoun nan oswa bat do timoun nan, sa ka fè objè a deplase al fèmèn gòj la nèt. Si sa rive aspirasyon an bloke rantrè lè a nèt, l ap posib pou w wè timoun nan pa ka bay okenn son, ni touse. Sa se yon sityasyon ekstrèm ijans, avèk risk lanmò imedyat. Nan ka sa yo, moun ki responsab la dwe fè manèv pou retire obstak la pandan lòt moun ap rele sèvis ijans (SAMU 192).

**LIGUE**  
**192**




Si timoun nan gen mwens ke yon ane, ou dwe apiye bebe a nan bra w, ak tèt li pi ba ke kò l, fè atansyon pou w kenbe bouch timoun nan ouvè. Apre sa, ou dwe aplike senk kou ak "baz" men w nan do ti bebe a. Apre, vire ti bebe a mete l kouche sou do, toujou kite l panche epi bouch ouvè, epi fè senk konpresyon nan zo pwatrin ti bebe a, tousuit anba liy imajinè ki trase ant pwent tete yo. Repete pwosesis sa a jiskaske ti bebe a jete objè a oswa endispoze.





## Si timoun nan ta rete enkonsyan yo rekòmande etap sa yo:

- 1) Rele yon sèvis ijans (si w ta pou kont ou, san w pa gen telefòn selilè nan men w, kite timoun nan epi ale kote ki gen yon telefòn; apre sa, retounen vit);
- 2) Mete timoun nan kouche epi fè de respirasyon bouch nan bouch;
- 3) Menm apre li jete objè a deyò ak manèv ou fè yo, mennen timoun nan nan yon sèvis ijans;
- 4) Ouvri bouch li pou w wè si objè a soti. Si l pa soti, fè 30 Konpresyon nan pwatrin li epi ouvè bouch li ankò. Si bagay la soti, retire l ak anpil atansyon ak dwèt ou yo nan fòm pensèt epi fè de vantilasyon bouch nan bouch ankò. Repete pwosesis sa a jiskaske sekou a rive oswa timoun nan rekòmanse respire.



## Konklizyon

Vin ansent, akouche, bay tete, pran swen ak anseye se aktivite yon manman fè ki chaje ak defi. Lè w jwenn repons sou kèk nan pi gwo dout ou genyen yo sa pral ede w pwofite moman lajwa ak sekirite toutpandan w ap pran swen ti bebe w la. Nou swete pou pou gid sa a ka ede w nan etap sa a k ap kòmanse. Sepandan, li nòmal pou gen lòt kesyon k ap souleve panda wout la. Poutèt sa, ou kapab konte a swen moun ki travay nan UBS ki pi pre ak kote w rete a oswa ak kote ki parèt nan lis ki anba a.

Si w gen kesyon ou vle poze, chèche nou san grate tèt. Priyosite nou se sante fanmi w.

Avèk swen,

Ekip Lopital Inivèsite Rejyonal Maringá.

### Hospital Universitário Regional de Maringá

Avenida Mandacarú, 1.590 Parque das Laranjeiras,  
CEP 87083-240, MARINGÁ, PR

Telefone: (44) 3011-9100

Atendimento de urgência e emergência 24 horas

### Banco de Leite Humano

Avenida Mandacarú, 1590 Parque das Laranjeiras,  
CEP 87083-240, MARINGÁ, PR

Telefone: (44)3011-9174

Horário de Funcionamento: Segunda a sexta-feira, das 07h às 19h

### Pronto Atendimento da Criança (PAC - UPA Zona Norte)

Avenida Sophia Rasgulaeff, 1053  
CEP 87033-400, MARINGÁ, PR


Atendimento de urgência e emergência 24 horas

### SAMU

Telefone para emergências: 192







## Referências

Apoio: Núcleo de Vigilância Epidemiológica Hospitalar - HUM



MINISTÉRIO DA  
SAÚDE

